Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 30 (7379)
11 Июль 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## АТКялъул сапаралъулаб данделъи



Араб анкьалда Генуб росулъ тIобитIана терроризмалде данде чIараб комиссиялъул хьвадулеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана РДялъул МугIрул территориалияб округалъул АТКялъул вакил С. Сайпов, райадминистрациялъул общественнияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Россиялъул Унсоколо районалда вугев ФСБялъул нач. ГI-С. МухIамадов, росдал бетIер М. МухIамадов, районалъул имам Гъ-М. Абакаров, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул зам. М. ГIабдурахIманов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов районалъул ОМВДялъул нач. С. ХIажиев ва цогидалги.

Заседание ана ГIабдулсамад МухIамадовасул нухмалиялда гьоркь. Жиндирго докладалда С. Сайповас бицана Унсоколо районалъул АТКялъул хIасил бугеб хIалтIул. М. ХIамзатов кIалъазе вахъана терроризмалде данде чIарал къагIидабазда хурхун, гьениб бицана хIинкъи бугел объектазул, гIемерал гIадамал руссунеб бакIазул; гьел ккола сахлъи цIуниялъул, лъай кьеялъул, культураялъул, спорталъул бакIал.

Гьединго данделъиялда суалал хьатIана НАКалда хурхун, бицана балагьизе чи гьечIого хутIарал бесдал лъималазул, гьезие гьаризе кколел кумеказул, судалде гъоркье ккаразул, гьез гьарурал такъсиразул хасиятазул, лъималазул риидалил каникулал унел ругеб куцалъул.

ОМВДялда данделъи

## ЧIванкъотIарал баянал щвезе



Араб анкьалда районалъул ОМВДялда букIана данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, «ЕИСалъул» нухмалъулев М. ХIайбулаев, росабазул бутIрул, районалъул ОМВДялъул нач. С. ХIажиев, паспорталъул столалъул нач. Ш. ХIамзатов, районалъул статистикаялъул отделалъул нач. С. СагIабдулаев ва цогидалги. **(Ахир 2 гьумералда)**

Лъай кьей

## Медалал кьеялъул тадбир



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана 20I9 соналъул II классал меседил медалазда лъугIарал выпускниказе «За особые успехи в учении» абураб рамкаялда жанир медалал кьеялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, зам. М. ХIасанова, финансовияб отделалъул начальникасул ишал тIуралев Ж. Шамсудинов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев.

Тадбир рагьана ва бачана пикро цебе тIурал лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ методист М. ХIожоевалъ.

Данделъиялда баркиялъул калам гьабун кIалъана ГI. НурмухIамадов. Гьес абуна: «Хириял лъимал, хIурматиял эбел-эмен ва цIалдохъаби! Жакъа нилъее киназего бачIана рохалилаб къо. Нилъ киналго рекIел мурадазде щвана – нужее унго-унголъунги лъикIаб лъай щун, гьеб ккола гIумроялъул нухда унго-унгояб, щвалде щвараб гIумро гьабизе рес щвей!»,-абун.



Выпускниказул, школазул директоразул рахъалдасан кIалъана ГI. МухIамадова (Шамильхъала школа), С. МухIамадова (Унсоколо № I школа), эбел-инсул рахъалдасан баркала кьун кIалъана У. МухIамадова.

Гьелдаса хадуб цIалана медалал щваразул сиях1. ГI. НурмухIамадовас цIалулъ тIасияб рахъалъул хIасилал рихьизарурал выпускниказе кьуна медалал. Гьезда гьоркьор руго Саният МухIамадова – УСШ № I, ПатIимат Асипова, ПатIимат ГIабдулхIажиева ва ПатIимат МухIамадгIалиева – УСШ № 2, ГIусман МуртазагIалиев, ГIазра МухIамадова, ПатIимат Таймасханова ва Хадижат МухIамадхIажиева (Шамильхъала школа), Саният АхIматIхъанова (Балахьуни школа).

Бихьизабизин: ГIазра МухIамадова – Шамильхъала школалъул выпускница – ЕГЭ кьолаго босана районалдаго цIикIкIарал балал, кинабниги 245.

ГIицIго медалистазе гуребги данделъиялда шапакъатал кьуна районалъул 20I9 соналда цIалулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъабазе. Гьел ккола «Лучший ученик года»,-абураб номенациялда тIобитIараб муниципалияб этапалда бергьенлъи босарал цIалдохъаби: Шамил МухIамадов – Генуб поселокалъулаб школалъул цIалдохъан. «Спортсмен года», Хадижат МухIамадхIажиева – Шамильхъалаялъул школа, - «Наука», Саният МухIамадова – Унсоколо № I школа – «Художественное слово», Марина ГIисалаева – ХъахIабросдал школа - «Открытие года», МухIамад Дарбишев – ГIашилтIа школа «Математика и шахматы», ГIайшат ХIусейнова – Генуб школа – «Родные языки», ПатIимат ГIабдулхIажиева - Унсоколо № 2 школа, - «Юный краевед».

Рохалилаб дандеруссин лъугIана цадахъ киналго чIун сурат бахъиялдалъун.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 30 (7379)

11 Июль 2019 сон

2 гъумер

РДялъул Правительствалъ 20I9 соналъул 5 июлалда № I56 бугеб хIукмуялда хиса-басиял гьаруна 1 сентябралде щвезегIан маткапиталалъул гIарцуде недвижимосталъул рынокалдасан хасаб категориялъул гIадамазе кумек гьабизе.

Социалияб пакет буго хасаб категориялъул гIадамазе, ай инвалидазе жанир чIезе бакIалъе ипотечнияб кредит щвезе. Гьеб байбихьулаб взносалъеги кьун, хадуб рукъ щолез моцIие кьезе ккола I0 аз. гъурщидаса тIаде инчIеб взнос, хутIараб кьола республикаялъул бюджеталдасан. ГIодобегIанаб къадар субсидиялъул буго I млн. 660 аз. гъурущ. Рукъ хадубккун гьесул собственностлъунги лъугьине буго.

Данделъи

# РацIцIалъи букIинабиялъул суалгун



I0 июлалда райадминистрациялда букIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь данделъи. Гьелъулъ гIахьаллъи гьабуна бетIерасул замаз, отделазул начальниказ.

Данделъиялда аслияб суал букIана цебе бугеб ТIолгороссиялъул субботникалде хIадурлъи. Гьеб букIине буго щамат къоялъ – I3 июлалда. Субботник тIобитIулеб буго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул ва Минприродаялъул хIаракаталдалъун.

Субботникалъул къоялъ рацIцIад гьаризе руго Рихьуни ГЭСалъул лъел хIоралъул, гIоразул рагIаллъаби, бакIал раялъул, рукIа-рахъиналъул нахъ чIварал гIалагъважаялдаса.

Субботникалде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул бицун данделъиялда кIалъана хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов. Гьес бицана субботник тIобитIулаго рацIцIад гьаризе хIисабалде росун ругел бакIазул, районалда санитарияб ахIвал-хIал лъикIлъиялъе кIвар кьезе кколел рахъазул.

Субботникалда гIахьаллъизе руго администрациялъул, «Русгидроялъул» электроэнергетическияб холдингалъул, федералиял хъулухъазул, муниципалитеталъул учреждениял-организациязул ва росабазул гIадамал, гьединго РДялъул Минприродаялъул хIалтIухъаби, Хьаргаби районалъул вакилзаби.

Гьеб тадбиралда хурхун жавабиязе гьаруна тIадкъаял.

# ЧIванкъотIарал баянал щвезе

Данделъиялда аслияб суал букIана росабазул гIадамазул гIумро гьабулезул хIакъалъулъ хIужаби лъазари, гьезул рукIа-рахъиналъул суалал ва гь. ц.

Жиндирго кIалъаялда С. ХIажиевас, гьесул хIалтIухъабаз, ай участковияз бихьизабуна щибаб рокъоре щун хал гьабулеб бугин гIумро гьабун ругезул къадар лъазабизе. Гьединго данделъиялда кIалъана С. СагIабдулаев, гьес бихьизабуна 2020 соналъе гьабизе бугеб гIадамазул перепись гьабиялъе кинабго хIадурлъи гьабун бугин. Гьелъие къваригIунин муниципалитеталда гIумро гьабулел киналго гIадамал рихьизарураб баян,-абун.

Данделъиялда Генуб ва Рихьуни гIадал росабазул бутIруз бихьизабуна росабазул администрациязул вакилзаби ине кколин участковиязда цадахъ похозяйственниял тIахьазда рекъон ритIарал баянал щвеялъе хал гьабизе,-абун.

Данделъиялда гьоркьор лъураб темаялдасан цоцазе кьуна суалал, гьезие щвана чIванкъотIарал жавабалги.

## «АхIулгохIил рагъ лъугIун - 180 сон»

# «АхIулгохIда ахирисеб хоб»

**(Байбихьи 6, 7, 8, 22, 26 номеразда)**

-Ниж как базе ине ккола,-янги абун, Шамил кIанцIун тIаде вахъана. Гьалмагъзабигун цадахъ цIияв генералasда аскIоса, тIокIаб хабар гьабичIого, гьев нахъе ана, хадув валагьун Пуллоги хутIана гIодовчIаралъув го.

Хадусеб къо ана цоцахъе чапарзаби ритIулаго ва къагътал хъвалаго. Бартиханил ва Юсупил гьоркьохъанлъигун имамас дандиязулгун гьарулел рукIарал гьел гара-чIвариязул хIасил ккечIо. Бартихангун дандчIварав Пуллоца цIакъ хIаракат бахъулеб букIана Шамилил имгIалниги Граббеда аскIове вачине. Баккулаго бичIчIана имамасул гIакълучиясда генералasул макрукъаб пикру.

Къоабилеб августалда имамасухъе тIад вуссун вачIана ЧIикIаса Юнус. Гьес Шамилида бицана генерал Граббеца живго ахIиялъул ва имам кверде вачIинавиялъе хабар бицине витIиялъул хIакъалъулъ.

-Божизе бегьуларо, имам, инарал Граббеда. Гьезул мурад цо буго, бокьараб хIиллаги ургъун, берцинаб хабарги бицун, мун жидехъего вачIинави ва асир гьави,-ян абуна Юнусица.

-Дида лъанги букIана, дица абулебги букIана, дир вас Жамалудин гIурусазухъе витIиялъул пайда букIине гьечIин. Гьелъ ракълиде нилъ рачунареблъи бичIчIаниги, гIадамазе бокьун букIиндал кьуна дица гьев тушбабазухъе. Гьанже дидаги нужедаги лъала гьезул мурадалги, гьезда ракIалда бугеб ишги. Биччанте гьез рагъ байбихьизе. Бахъун хвалченги кодоб ккун, гьезда дандчIвай гьабизе хIадурав вуго дун,-ян абуна Шамилица аскIор рукIараздехун. Цинги, Юнусидехун абуна: -Юнус, тIадвуссун инараласухъеги ун, кинабго гьаб дица абухъе биче дуца гьесда. Нужеца цониги нухалда кьураб рагIиги ккечIин, гьеб ккун бажарулеб агьлуги гурин нужан абе. Гьанжеги нужеца гаргар бачунеб бугин абе дун гуккиялде. Аллагьас хъван батани, гьаб нухалдаги нужеда гьеб бажаризе гьечIин абе. Имам нужеда божуларин бичIчIизабе гьезда.

-Шамил, гьедигIан хъачIго абиялъ нилъер мурад тIубаларо, тушбабазулгун гьоркьоблъи жеги цIикIкIун хIалуцинабизе бегьула гьелъ,-ан гьоркьов кIалъана имамасул рагIабаз рекъел гьабиялъул гара-чIвариязе ахир лъезе бегьулин ракIалде ккарал гьалмагъзабазул цояв.

-Ккараб ккун букIина гьанже,-ян абуна имамас.

Юнус ана генераласухъе ва Шамилил рагIаби, гьес амру гьабухъе, хIарп хисизабичIого, Граббеда абуна. Цинги, гьесул жавабги босун АхIулгохIде тIад вуссана. «ЛъикI буго, нижеца гара-чIвариял лъугIизе толел руго. Гьанже дица Шамил асир гьавила ва дида тIадкъараб куцалда, вукIине кколелъуве щвезавила»,-ян жаваб кьунин генералас,-ян бицана Юнусица.

-Ла хIавла вала къувата илла биллагь,-янги абулаго, имамас хвалчен лъалиниса къватIибе цIана ва гьаваялда кIобокIизабуна. –Аллагьасда лъала лъица щиб гьабизе бугебали. Гьаб хвалчен жеги хIах бугеблъи лъалеб гьечIо капурав инираласда.

Къоло цоабилеб августалъул радал цудунго, ургъизе ва хIукму гьабизе бихьизабураб божлал щвелалдего, байбихьана тушбабаз АхIулгохIда рагъ. Кьвагьдезе лъугьана киналго гIарадаби. Цадахъго къачIадизе лъугьана гьужумалде хIадурго чIарал гIурусазул рагъухъаби. Граббеца гьужум гIуцIун букIана цебегосеб гIадин, долго къагIидабиги хIалтIизарун, цебеселъул хIасилалги хIисабалде росун. Киналго рес бугел бакIаздасан гохIде рахине хIаракат бахъулеб букIана гIурусаз. Аслияб рагъ унеб букIана ЩулалъулгохIде балагьараб рахъалда.

Гьеб рахъалда гохIил рагIалда бугеб кIиго цIакъго щулияб кIитIалаяб сиги сверухълъиги цIунаразе бетIерлъи гьабулеб букIана Рихьуниса Билал МухIамадица. Гьесие кумекалъе тIамун вукIана Балахьуниса Муса. Гьенибе НухгьечIебгохIдаса тIадеги ахIана Генуса Ибрагьимил ХIусенил къокъаги. ХутIараб АхIулгохIги, гьелда тIад ругел минабиги, щулалъабиги цIунаразе нухмалъи гьабулев вукIана Ахъбердил МухIамад. НухгьечIебгохIда ругезул цевехъанлъун СугъралъaкIокъав ГIумарги вукIана. Жиде-жидер тIадкъаялгун рукIана цогидал церехъабиги. Шагьидлъарал бихьиназул ретIелги ретIун, ярагъги борчун, магIарал рагъухъабазул кьеразулъ чIана руччабиги. Лъималазгицин букIана щвараб ярагъ кодобе босун.

ТIубараб къоялъ АхIулгохIда сверухъ унеб букIана хIалуцараб, вахIшияб, къуватал ращадаб гуреб рагъ. ГIурусаз лъабцIул хIалбихьана, таваккалаб гьужум гьабун, гохIде тIаде рорчIизе ва гьенир щулалъизе. Ахирги гьезухъа бажарана гохIил нахъияб рагIалалда бугеб цояб си бахъизе ва рагъ гохIде тIаде бачине. КIиабилеб си квер-малъ базе щолареблъун хутIана. Я гIарадабазда, я цоги тIаде къвагьараб яргъида, я гьужумулъ рачIунел рикIкIен гIемерал солдатазда бажарулеб букIинчIо кваранаб рахъалда бугеб цIакъго щула гьабураб сиялъе ва гьенир ругел гьазизабазе зарал гьабизе.

Бихьиналги, руччабиги, лъималги лъугьун цIунулеб букIана АхIулгохIил щибаб мина, щибаб щулалъи. Ахъбердил МухIамадие кумекалъе гьениве щвана Шамил имамги цебесеб къерда рукIарал цогидал гьалмагъзабиги. КигIан ахIвал-хIал хIалуцаниги АхIулгохIда вукIинчIо цониги тушманасухъе кверде арав чи. Киналго рагъулел рихьула хваликьа хIинкъичIого, ахирисеб хIухьел цIазегIанги тушманасде тIаде унаго. БахIарчиго тIуразарулел рукIана бихьиназги руччабазги имамасул буюрухъал. Жалгоги чIолел рукIинчIо дандиязухъе щвезе, лъималги щвезе толел рукIинчIо гьезухъе. Лъукъарал бахIарчиго унел рукIана солдатазул хучдузде тIаде. Ярагъ гьечIого, гIицIал квералгун бадиса бадире тушмангун рагъулел ва шагьидлъулел рукIана руччаби. Чара къосарал кIанцIулаан кьурулъа гьоркье, эбел-инсуца гIурулъе рехулел рихьулаан жидерго лъималгицин.

Гьеб къоялъ гьазизабаз какал раялъул къагIидацин хисизабизе ккана. Мажгит гIарадабаз жагъал гьабиялдалъун жамагIаткакал къватIирго разе ккана. Къадикакал гIужалда гохIил тIасияб рахъалда рагъулел бащадалги тун, хутIарал гIодобегIан бугеб санагIатаб, цевесан тIаде вачIунев тушман вихьулеб бакIалда чIана. Как кьокъ гьабизе изну букIуна гьединаб мехалда.

Шамилида хадуб къадекак бухьана ретIухъего хьиталгун кьер гьабун чIарал гьазизабаз. Имамасги цересел кьеразда чIаразги кIиго ракагIат балелъул нахъисел кьеразулъ ругел гIадамал, тушман тIаде вачIунищан ралагьун, шуричIого эхетун рукIана. Хадуб, кьокъ гьабураб какги лъугIун, цересел кьеразда рукIарал додинго эхетун чIана, нахъехунги ун. Нахъа рукIараз имамасда хадуб, кьокъ гьабун, как бана. ГIицIго какие имамлъи гьабурав имам Шамилица бана ункъабго ракагIат.

**(Хадусеб букIине буго)**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 30 (7379)
Хамиз
11 Июль 2019 сон



**Садовод**





# Рабочая встреча Президента РФ с главой РД Владимиром Васильевым



Владимир Путин провёл рабочую встречу с главой Дагестана Владимиром Васильевым. Руководитель региона информировал Президента о социально-экономической ситуации в республике.

**В.Путин:** Как республика, Владимир Абдуалиевич?

**В.Васильев:** Хочу отчитаться немножко по Вашим поручениям.

Когда Вы меня напутствовали, Вы сказали, чтобы те средства, которые идут из бюджета, пришли к людям и чтобы, как Вы не раз подчёркивали, мы оценивали не по показателям, а по тому, что меняется для рядового жителя Дагестана.

Кратко доложу. Мы начали с того – спасибо большое правоохранителям и всем министерствам, около 30 [представителей] уже побывали, – что составили рабочие планы со всеми, без этого было бы всё невозможно. В результате мы получили что? Вот, допустим, мы (по ФОМС) увеличили на 37 тысяч 700 рабочие места за 2018 год, то есть из тени вывели. Это нам дало хорошую экономию, как Вы увидите там. Прекращены с 2018 года 6000 гражданам, не подтвердившим инвалидность, выплаты – тоже приличная сумма. Пересчитана стоимость объектов дорожного строительства, 2,4 миллиарда. Мы просто применили российский подход по нормативам, а не отдельный, индивидуальный. Кстати, это на качестве не сказалось.

Потом посмотрели школы, другие объекты, тоже сэкономили два миллиарда. Провели работу по потребителям газа сейчас: 0,7 миллиарда экономия будет. Экономия на госзакупках – около 0,8 миллиарда. И всего, таким образом, мы получили семь с лишним миллиардов дополнительно в бюджет.

Вот из этих средств – как раз, чтобы это людям пошло, – мы сделали следующее: мы в этом году выделяем средства на 95 школьных автобусов, покупаем 108 автомобилей скорой помощи, 50 флюорографических аппаратов. Продолжаем работу по проекту «100 школ», который в прошлом, 2018 году, сделали, и не сто, а 117 школ. Сегодня мы надеемся сделать 200. Ценность этого проекта в том, что на два миллиона, которые мы из бюджета выделяем на каждую школу, люди ещё привносят – бизнес, местная администрация и просто граждане. Первый проект превзошёл ожидания на 17 [школ], то есть стало 117. И сейчас мы надеемся сделать таким образом 200 [школ], на это выделено 400 миллионов.

В 4,7 раза увеличили финансирование лекарственного обеспечения. 780 миллионов всего будет выделено на это. На обеспечение жильём инвалидов первой категории и семей с детьми-инвалидами – самая незащищённая часть у нас, к сожалению, с момента введения этого закона в действие ни одной квартиры не выдавалось – мы сейчас планируем выдать около 300 квартир. Позволяют средства, нашли интересную формулу, я Вам потом более подробно расскажу.

Также мы выделили 771 миллион – впервые – на местные дороги. Практически все налоги, что нам поступают, мы передали, чего раньше не было, районам.

Профинансировали строительство социально-инженерной инфраструктуры практически на 18 миллиардов. Это позволило нам что сделать? Мы те средства, которые собрали, и нам помогли, кстати, спасибо большое, из федерального бюджета, мы по сравнению с 2018 годом в 2019-м почти в пять раз увеличили нашу программу. На сегодняшний день мы что можем сделать и сделаем, надеюсь? Мы возобновили строительство 60 объектов, 37 из которых более пяти лет были приостановлены, не решались [вопросы]. Это всё были социальные объекты, и, как только мы их стали делать, нам даже главы стали говорить: мы теперь хоть можем людям в глаза смотреть.

Выделили средства в том числе и на водоснабжение – 1 миллиард 700 [миллионов] – впервые. У нас большая проблема с качеством воды, отравления происходят, к сожалению. Мы надеемся, что около 500 тысяч человек в результате почувствуют качественное улучшение.

Начали выделять средства – 250 миллионов – на газификацию населённых пунктов.

**В.Путин:** Хорошо.

## Надзорно-профилактическая операция «Отдых»

В период с 09 апреля по 01 сентября проходит надзорно - профилактическая операция «Отдых - 2019», целью которого является снижение уровня пожарной опасности объектов летнего отдыха и оздоровления детей и летнего отдыха граждан.

Всем известно, что успех борьбы с возникшим пожаром во многом зависит от того, насколько обеспечены объекты пожарным инвентарем и оборудованием. Поэтому в каждом здании обязательно должны быть первичные средства пожаротушения: огнетушители, бочка с водой, ящик с песком, лопаты, ведра. Этот инвентарь должен находиться в исправном состоянии и в доступном месте.

Первоочередной обязанностью каждого работника при пожаре в учреждении является спасение людей.

В случае возникновения пожара руководитель учреждения, а также обслуживающий персонал летнего отдыха и оздоровления детей обязаны: немедленно сообщить о пожаре в ближайшую пожарную охрану, дать сигнал тревоги для местной добровольной пожарной дружины, одновременно принять меры к эвакуации людей из помещений, при этом следует иметь в виду, что детей необходимо эвакуировать в первую очередь. Эвакуацию людей надо начинать из того помещения, где возник пожар, а также из помещений, которым угрожает опасность распространения пожара. Эвакуированные люди направляются в безопасное место.

Противопожарное состояние учреждений, а также безопасность находящихся в них людей зависит, прежде всего, от того насколько четко и добросовестно работники этих учреждений соблюдают правила противопожарного режима и умеют быстро и правильно действовать при возникновении пожара.

**ОНД и ПР №4 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД.**
**Телефон доверия: ГУ МЧС России по РД (8-22) 39-99-99.**

## Осторожно: **Южноамериканская томатная минирующая моль!**

Уважаемые жители Унцукульского района!

Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан, в целях реализации государственной политики РФ в области защиты населения и территории от чрезвычайных ситуаций (указ Президента РФ от 11 января 2о18г. № 12) информирует о возможном заносе на территорию республики потенциально-опасного карантинного вредителя пасленовых культур.

Южноамериканская томатная минирующая моль- опасный вредитель пасленовых культур открытого и закрытого грунта, входящий в Единый перечень карантинных объектов в Евразийского экономического союза, утвержденного Советом Евразийской экономической комиссии от 30.11.2016 г.

Томатная минирующая моль обладает высоким потенциалом вредоносности, повреждает и уничтожает томатную продукцию, как в открытом, так и в закрытом грунту и наносит значительный экономический ущерб. Может снижать урожайность культуры на 70-80% и уничтожить практически весь урожай. Основным кормовым растением томатной моли являются томаты, но этот вредитель может также повреждать картофель, баклажаны, перец и сорные растения семейства пасленовых. Вредитель повреждает и развивается на всех надземных частях растения томата: верхушечной почке, листьях, стеблях, цветах и плодах. По последним данным- способна повреждать и неприкрытой почвой клубни в период вегетации картофеля. Личинки проделывают ходы внутри листовой пластинки , создавая пятновидные мины неправильной формы, что приводит к некротическому увяданию листьев. В плодах томатов извилистые ходы личинок затрагивают внутреннюю часть плода, что снижает товарные качества продукции, а также создает благоприятные условия для развития патогенных организмов.

В этом году имеются случаи попадания в феромонные ловушки насекомых данного вида. Учитывая, что вредитель попадается в ловушки, есть риск развития и распространения. В связи с чем, считаем необходимым службам тепличных хозяйств , овощеводам и фермерам необходимо подробно ознакомиться с морфо-биологическими особенностями томатной моли и мерами борьбы с вредителем, чтобы быть готовыми принять все необходимые меры для локализации и ликвидации возможных очагов этого опасного вредителя.

Согласно ч.4ст.20 ФЗ от 21.07.2014 №206-ФЗ «О карантине растений» мероприятия по осуществлению локализации очага карантинного организма и ликвидации популяции карантинного объекта осуществляются за счет средств граждан, юридических лиц, которые имеют в собственности, во владении, в пользовании, в аренде подкарантинные объекты, собственников подкарантинной продукции.

# Къварилъи ккаразе-кумек



Ахирияб заманалда Иркутск областалда ккараб тIабигIияб балагьалдаса хадуб «Горная страна» Дагъистаналъулхалкъазулкультуриябцентралъ»къварилъиккаразекумек гьабизе гуманитарияб кумек данде гьабулеб буго. Гьеб организациялъул пред. С. ГIалиевас лъазабуна гIемерал дагъистанияз лъазабулеб бугин къварилъи ккаразе кумек гьабизе бокьун букIин. Гьединго гIадамал ине руго Нижнеудинск шагьаралде лъелъ гъанкъарал бакIазул завалал ракIаризе, ритIулел руго батIи-батIиял кумекалъулаб къайи тIад лъурал автомашинаби. Гьеб бикьизе буго гIумро гьабиялъе жо гьечIого хутIаразе.

Лъалеб букIахъе 25 июналда рарал цIадаз II0 росу лъелъ гъанкъана. I0 азарго рукъзабазе зарал ккана, ай зарал ккана 35 азарго чиясе. Гьединго зарал ккана 49 соц. объекталъе, II068 бекьараб бакIалъе, 48 нухалъе ва 22 кьоялъе, хвана 23 чи, тIагIана 9 чи.

Дин ва гIумро

# Хвалда цебе

ТIадегIанав Аллагьасде иманги лъун, Гьесул диваналда хьвадарал гIадамазе Алжаналъул каваби рагьарал ругилан буго. Расуллагьас (с. т. гI. в.) абун буго муъминав чиясул рухI парччиялда жаниса лъим чвахулеб гIадин бигьаго, берцинго бахъулилан. Гьединго буго шагьидзабазда жалго хвараллъиги хвалил кьогIлъиги лъаларилан. МухIамад аварагас (с. т. гI. в.) УхIудалда шагьидлъарав ГIабдуллагь бин ГIамрил вас Жабирида (р. гI.) гьикъун буго: «Дуда лъалищ Аллагьас дур инсуда кинаб дандчIвай гьабурабали? Гьев гьесда дандчIвана я беразда бихьичIеб, я гIундузда рагIичIеб къагIидаялъ. Дур инсуца абуна: «Я БетIергьан Аллагь! Дун дунялалде тIад вуссинаве хвалда хадуб батулеб гьайбатаб гIумруялъул дора таразда бицине!»,-ян. ТIадегIанав Аллагьас жаваб кьуна: «ТIадруссин гьечIо. ГIумро гIицIго цоцIул кьола. Гьаниб дур гIумроялъул Дица бицина гьезда»,-ян.

Ва гьелдаса хадуб рештIана гьадинаб магIнаялъул аятал; «Аллагьасул нухда, Гьесул диналъе гIоло рухI кьурал гIадамал хвараллъун рикIкIунге. ХIакълъунго, гьел жидерго Аллагьасда аскIор чIаго руго, гьезул рухIалги гIурччинал хIанчIазул мукъулукъалда жанир Алжаналда тира-сверулел рукIуна, Аллагьас Жиндирго цIобалдалъун жидеего кьурабщиналдаса рохун» )Алу ГIимран, I69-I70).

Инсан хола жинцаго гIумро гьабулеб букIараб куцалда. Къуръан-хIадисалда рекъон хварасул рухI иманалда бахъула, мунапикъав чиясул хвел гьединабго гIасияб букIуна. Бищунго Аллагь рехсолевлъун вукIарав Расулас (с. т. гI. в.) нилъеда малъун буго: «Холеб мехалъ «Ла илагьа илла Лагьу ва ллагьу акбар ва ла хIавла ва ла къуввата илла биллагьи гIалийййиль гIазим»,-абурав чиясда ЖужIахIалъул цIа хъваларо»,-ян.

Гьединго Абу Гьурайратида (р. гI.) Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «унти байбихьун тIоцеве бусада вегидал «**Ла илагьа илла Ллагьу юхIйи ва юмиту ва гьува хIайййун ла ямуту ва субхIаналлагьи раббил гIибади вал билади валхIамду лиллагьи хIамдан касиран тIайййибан мубаракан фигьи гIала кули хIалин валлагьу акбару кабиран, кабрияугьу ва жалалугьу ва къудратугьу бикулли маканин. Аллагьумма ин кунта амразтани литакъбизи рухIифи марази гьаза фафгIал рухIи фи арвахIи манн сабакъат лагьум минкал хIусна ва агIизни мина ннари кама агIазта улаика ллязина сабакъат лагьум минкал хIусна**»,-йилан абурав чи Аллагьас цIаялдаса хвасар гьавула»,-ян.

Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Холелъул жинда аскIоб «Ясин» цIаларав чиясул хвел Аллагьас бигьа гьабила»,-ян. Холесда аскIоб «РагIд» сурат цIалиялдалъунги хвел бигьа гьабилин буго.

Аварагасул (с. т. гI. в.) заманалдаго холесда цебе гьаб дугIа цIалулаан: **«Аллагьуммагъфир лигьаза фуланин бну фуланин** (хварасул цIар ва гьесул инсул цIар абила) **ва баррид мазджагIагьу, ва вассигI гIалайгьи къабрагьу ва агIтIигьи ррахIата багIдал мавти ва алхIикъгьу бинабийййигьи ват авали нафсагьу ва сагIгIид рухIагьу фи арвахIи ссалихIина ваджмагI байнана ва байнагьу фи дарин табкъа фигьа ссихIхIату ва язгьабу гIанна фигьа ннасабу ва ллугьубу. Аллагьумма сали гIала расулиллагьи сала Ллагьу ТагIала гIалайгьи ва салам»** - ва гьев хвезегIан такрар гьабулаан.

Аварагас (с. т. гI. в.) абуна жиндир ахирисеб калам «Ла илагьа илла Ллагь» абураб калам ккарав чи Алжаналде лъугьине гьавилилан. Гьединго абуна тIоцебе лъималаздаги «Ла илагьа илла Ллагь» абизе малъеян, гьединго холевги тIамейилан гьедин абизе. Гьеб калима тIоцебесеблъунги ахирисеблъунги ккарав чиясда мунагьаздаса гьикъуларила.

Унтарас кIванагIан цIикIкIун «Къулгьу» цIализеги лъикIаб буго.

Дуда мунго лъалищ?

# Иммунитет – бищунго тIеренаб бакI

**(Нужеда ракIалдейищ кколеб иммунитет рухI гIадаб жо кколин: гьединаб гIадаб бугезеги буго гьеб, кин батаниги гьеб квер хъван лъазе кIоларо. Амма иммунияб система буго тIубанго материалияб).**

**Киналъего хIадурго**

Иммунияб система гIуцIун буго бат1и-батIиял органаздасан. Гьел ккола багIараб костнияб мозг, къечI, вилочновияб железа (тимус), лимфоузлаби ва бакьазул пластинкаби Пэйс. Гьел киназго лъугьинарула унтабазде дандечIей яги пластинкабазда жаниб данде гьарула защитникал – клеткаби лимфоцитал (хъахIал бидул тельцаби).

Бидулъе заралиял микробал ккаралго гьелъ рижизаризе байбихьула антителаби. Гьел белкаби ккола иммунитеталъул аслияб ярагъги – гьел лъугьуна «къачагъалгун» унго-унгояб рагъулъе. Иммуналъулаб система сахлъиялда бугони, бокьараб къеркьеялъукьа бергьуна организм.

«Иммунияб памяталъе» чара гьечIого хIажатал руго лимфоцитал. Цо нухалъ гьезда дандчIвараб микробалъ цIидасанги жанибе лъугьине хIаракат бахъула, лимфоцитаз «рохалида» дандчIвай гьабула гьезда, данде рахъуна рикIкIен гIемерал антителаби ва хехаб рагъ бала данде. КьучI гьебго буго киналго вакцинабазулги. Лимфоцитал бидул хъаравуллъиялда чIун ругони, органазул клеткабаз цIунула жидерго коллегаби – макрофаги. Гьезул масъала ккола, гьаналъе-тканалъулъе ккарал бактериял жанир «гъанкъизари».

**Сунца системаялъе хIалтIизе квал-квал гьабулеб?**

Организмалда кинабго жо цоцада бухьараб буго. Сунца бугониги батIи-батIиял системабазде кьаби щвезабуни, ай витаминаздалъун кваназабичIони, хъалияналъ яги гьекъеялъ живго отравить гьавуни, ракIалде ккоге иммунияб система тIубараб къуват кьун хIалтIизе бугин. Иммунитеталъул бищунго чIахIиял тушбаби ккола экология хвезаби, стрессал, гIей гьечIеб квен. Мисалалъе, Россиялда хIайваназул квешаб холестерин гъорлъ бугел кьаралъи квин нормаялдаса цIикIкIунеб кванай буго 25 %, пайдаял хурдузул нахал рационалда хIалтIизари буго гIицIго 40 %. Гьекъел, хъалиян бухIи, антибиотикал лъай гьечIого хIалтIизари, квачан ва инфекциял ругел унтабаз, сезоналъулал авитаминозаз… ва цогидалъги загIип гьабула иммунияб система.

**Организмалъе къвакIун чIезе сунца кумек гьабулеб?**

ГьечIо чудо-таблеткаби нилъ цIунулел, къуват цIунулеб. ХIалтIизе ккола цIодорго, чанго рахъал хIисабалдеги росун. Гьезул цояб буго - битIун кванай. Бищунго пайдаяблъун рикIкIуна рахьдал продуктаби лакто ва бифидобактериял ругеб. Гьез иммунитеталъе би-тIухъегояб ва гьоркьо хъеб куцалъ кумек гьабула. ЛъикIлъизабула витаминал чорхолъ роси, железа, кальция ва цогидалги микроэ-лементал гъорлъ рукIиналъ иммунияб обменалъулъ жигараб гIахьаллъи гьабула. Гье-лъул бактерияз рукIа-лиде ккезабула бакь-кIач, щула гьабула иммунитет.




Иммунитет рекъе-решезабун, жигар бачIинабула женьшеналъ, китаялъул лимоналъ, родиолалъ, имбиралъ, ражиялъ. Иммунологаз рикIкIуна тIабигIаталъул «дараби» зама-заманалдасан сезоназда рекъон хIалтIизаризе кколин иммунитет рекъе-решезабулел гIадал лъазеги гьарун,-абун. Бокьараб лъачIого гьабураб стимуляциялъ организм нахъе ккезабизе бегьула. Кидаго лейкоцитал рижизарулел препаратазда тIад чIун гьел нилъеца хIалтIизаруни, иммуниялъулаб системаялъул хIалтIи гIодобе ккезе бегьула, ай жиндирго функция тIубазаби гьелъул хвезе бегьула.

**Кин лъазе кIолеб дирго иммунияб системаялъул бугеб хIал?**

Кье бидул рагIа-ракьанде щвараб анализ ва иммунияб статусалъул, гьединго интерфероназул анализ. Гьелъ бихьизабула иммунияб системаялъул бугеб хIал.

**Ф. Л. КОБЗАРЕВА, врач-иммунолог.**

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 10 . 07. 19 г. 16:25
фактически -16:40 мин.
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.